ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№54 (21.462) ● 2009 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 21, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и яп1э къуэдзэм и Іуэхк1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. **Къуэшырокъуэ Залым Къэрэшей и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и яп1э къуэдзэу гъэувын, и1ыгъ къулыкъыр щхьэщыхьауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щытездза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм гъатхэпэм и 19-м
№16-УП

● Дыгъуасэ

Президентыр «Спартак-Налшыкым» Іуощ1э

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен гъатхэпэм и 20-м «Синдикэ» интур-хъщ1эщым «Спартак-Налшык» футбол командэм и унафэщ1хэмрэ абы хэтхэмрэ щ1ыпщ1ащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Президентым кьыхигъащ1ащ, адрей ильэсхэми хуэдэу, «Спартак-Налшыкым» и нэ1э эзрыгриг1этынур ик1и сыт и лъэныкъуэк1и зыхуэеинуэхмк1э къыз1эрыз1эрриг1эпэщынур. Тепсэлъыхьащ улахуэр и чэзум, ирикъуу псоми эзра1эрыхьэнчи, екъул1эныгъ зы1эрагъэхьэхэм пэк1уэну саугъэтым зэрыхагъэхъуэнум, нэгъуэщ1 Іуэхугъуэ куэдми. А псори щ1ащ1эжыр абыхэм я дж1эгуk1эфЫымk1э Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм дэрэжэгъуэ иратынырщ, абыхэм я пщ1эр къэралпсо утыкум кьыщ1а1этынырщ.

Зы1ущ1эм хэтащ КъБР-м спортымрэ туризмэмк1э и министр **Афл1унэ Аслъэн,** Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ **Хьэгъэ Залымдж1рий,**«Спартак-Налшык» клубым и унафэщ1хэм я советым и тхьэмадэ **Былымгъуэт Анзор** сымэ, нэгъуэщ1хэри.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр псоми къахэщ1ырт

Канны къалэм (Франджы) иджыблагъэ щек1уэк1а «MIPIM-2009» выставкэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ирагащ1ауэ щагъэлъэг1уахар нэм къ1уидзэ защ1эт. Фестивалхэмрэ зэхъыкъ1эхъуэмрэ я Іуэхугъуэу Канны дэтым и п1ун1эм щыпл1ащ1ырт «Къэбэрдей-Балъкъэрым фыцэлэжьэну фрегъэблагъэ!» ф1эхъус псалъэхэр зытетха баннерыщ1ухэр. Абы и закъуэтэкъым ди экспозицэр адрейхэм къахэзыгъэщ1ыр: ди республикэм ираща проектхэм идкыдрей гъэлъэгъуэныгъэм и щ1ыпл1э нэхъыбэр ик1и нэхъ курыхыр - гъэлъэгъуэп1эм и метр зэбгъуэзнат1э 75-р - иубыдат (нэгъабэ кьытл1ысар метр зэбгъуэзнат1э 20-т зэрыхъур).

ГУ ЛЪУМЫТЭНК1Э Іэмал и1этэкъым дунейпсо финанс кризисым и зэранк1э щ1ынальтъ куэдым къраща экспозицэхэр, нэхъапэхэм хуэдэу бгъуф1эу, ягъэльэгъуэн я кущ1эу зэрыщ1ымытыжым. Ауэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр апхуэдэхэм ящ1ыщтэкъым, уеблэмэ абы и закъуэт Кавказ Ищхьэрэм ик1ыуэ «MIPIM-2009» выставкэм зи зэфIэк1 щ1ыныгъэльэгъуэфэр. Дй экспозицэм гулыкъэ нэхъыбэ щ1ит1уэта щхьэусыгъуэхэм ящ1ыщ зыт ари. Гъэльэгъуэныгъэм хэтхэр, журналистхэр зыщ1эупщ1эр гъунэнэшт.

КъБР-м и л1ык1уэхэм я пашэ, Президент Кьанокъуэ Арсен кьыз1эрыхигъащ1амк1э, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэфIэк1 апхуэдэ утыку щигъэл1ыгъуэным мыхьэнэшхуэ и1эш; республикэм зыхуигъэувык1ыгъуэм къалэнхэр кризисым и зэранк1э Іэщ1ыб зэримыщ1ыр, инвесторхэм ядэлэжьыну зэрыхьэзырыр нэрылъагъу зэриущ1 Іэмалщи.

- Апхуэдэ щ1ык1эк1э дэ доІэт ди республикэм и щ1ыхыр, абы и Іуэхугъэ зэрыдзэк1ыр адрейхэм кьыдогъащ1э, дзыхь зыхуэпщ1, мылъку зыхэлтыкъэ зыун щ1ынагъуэ зэрыщ1ытыр ядогъэльагъу, - жи1ащ Кьанокъуэ Арсен.

Фигу къэдгъэк1ыжынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и л1ыкІуэхэр иджы епл1анэрэ Канны мак1уэ. Иджырейм папщ1э проекти 7 ягъэхьэзырращ. Іуащ1ыжмахуэ лъапэ зыгъэпсэхупІэ зэпэщ1эр щыухуэным теухуэрэ (апхуэдэщ, псальэм папщ1э, «Чегет», «Чиперазэ», «Юсенги», «Іуащ1ыжмахуэ» комплексэр) адрей гъэхэм ягъэльэгъуэм къахэхъуащ республикэм и кьалащхьэм дэт «Налшык» аэрощ1эщ зэгъэпэщ1ыжным, Идар Темрыкъуэ и щ1эр зезыхьэ уэрамым тету псэупІэ унэ, Шэрэдж ГЭС-р ухуэным я проектхэр. А псоми зэхэту евр3 мелард 1,5-р я уасэщ.

Ди л1ыкІуэхэр Канны зэрыкІуам текІуэда ахъшэр къызыхахар КъБР-м Зыужьыныгъэмрэ инвестицэхэмк1э и агентствэм и мылькурщ. КъБР-м экономик1э зыужьыныгъэмрэ сатумк1э и министр Мусуков Алий европей выставкэм иджы апэу щагъэльагъуэ ди проектыщ1эхэм щытепсэльыхьым къыхигъэщащ «Налшык» хьэщ1эщым ирбыд щ1ыпл1эр щ1ыдащк1э нэхъыбэ я щ1ыну зэрамурадыр, къат куэду зэтет унэ къыгащ1ыхьыну, пресс-пэшышхуэ, спорт-нэгузыужь комплекс, нэгъуэщ1хэри хэту. Къ1ал к1уэ1ым хъэблэщ1э щ1ыуухэным теухуауэ министрым жи1ащ ар аэропортыр здэщыт щ1ыпл1эм щащ1ынк1э зэрыхъунур, къхъулъатэ къэт1ысыпІэр къ1ал даха нэужь.

Тироль Ищэ (Италие) щы-Іэ туринДустрие Іэнат1эхэм я л1ыкІуэхэр, бгы1ъэ зыгъэпсэхупІэхэр уухуэным зи Іуэху тещ1ыхьаХэр, щ1эуп1ащ1 абы епхауэ ди Іэщ1агъэл1эхэм утыку кьрахьа проектхэм.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

ПАЩТЫ Борис: Жылагъуэмрэ властымрэ зэпызыщ1э Іэмалхэр егъэф1эк1уэн

Мы гъэм и пэщ1эдзэм КъБР-м и къэрал гъэзэщ1ак1уэ Іэнат1эхэм щек1уэк1ащ жылагъуэм дежк1э мыхьэнэшхуэ зи1э зэхъуэк1ыныгъэхэр. Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен и Унафэк1э, Щ1алэгъуалэ Іуэхухэмрэ жылагъуэ эгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымк1э щы1э къэралгъ комитетыр и льабжьэу щы1нальэм кьыщ1эзрагъэпещащ КъБР-м хьыбарегъащ1э Іэнат1эхэмк1э, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ щ1алэгъуалэ Іуэхухэмк1э и мин1стерствэ. Апхуэдэу республикэм и Правительствэм хагъэхьащ а унэтІыныгъэхэр зи нэ1эм щ1этыну вице-премьер кьулыкъыр. Нобэ ди псэлъэгъуэ зи цІэ кьитІуэ министерствэщ1эм и пашэ Пащты Борис.

- Борис, дауэ уеплъэ, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэхэм кьаша уэ1унафэщ1 Іэнат1эм, ипэк1э жылагъуэ гупсысэр зыунэт1у къалъытэу щытам, апхуэдэ гулъытэ властым хуищ1ыныр?

- Сыз3ригугъэмк1э, кьаруха эр зэф1эк1эхэр зыхуаунэт1ыр нэхъ мыхьэнэшхуэ зи1э унэтІынызэхэрщ. Нобэ, республикэм и унафэщ1э эр зыужьыныгъэм и гъуэгум щытрашэжа, ди бюджетыр хуэдищк1э - меларди 6-м ик1ыу 19,8-м нэс - щыкагъэхъуэфа зэманым, гурыІуэгъуэ хъуащ жылагъуэ зэхущытык1э тэмэм здэщыІэ щыналъэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьэнэжьыным гулъытэ хэха зэрыхуэщ1ыпхъэр. Кавказ Ищхьэрэм щыщ1э зэпІэзэрытынигъэр хъума хъуным жылагъуэ кьару псори хуэзщ1эгъэІу эн хуейщ. Гъэбыдэн хуейщ хуеитыжу жылагъуэмрэ яку дэлъ зэпыщ1эныгъэхэр.

Республикэм и хьыбарегъащ1э Іэнат1эхэм (СМИ-м) я лэжьэк1эр хэпщ1ык1Іыу егъэф1эк1уэн хуейщ. Прессэм и бээр, гулъытэ нэхъ зыхуищ1ын хуейхэр ихьэжьпхъэщ. Къэхъ укъащ1эм тепсэльыхьыж мыхьуу, абы ар зэпкърихыфу, кьрик1у энк1э хъуну Іу эхуГъуэхэр игъэпсыфу щытпхъэщ. А лэжьыгъэр тэмэму ек1уэк1мэ, цІыхухэм кьагурІыуэнущ властым и Іуэху зехьэк1эр фЫы и лъэныкъуэк1э эзрихьэжьыр. Зэпыщ1эныгъэхэр дэнэк1и - жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэхуэмыдэхэм яку дэлъхэрэ властымрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ зэрызэпха щ1ык1эмрэ - гъэбыдэн хуейщ. Апхуэдэу лэжьыгъэр дубхэхумэщ псом ди дежк1и мыхьэнэшхуэ зи1э мурадхэр щ1ызыІэрыдгъэхьэфынур.

(К1эухуэр 2-нэ нап.)

Нэхъыф1у къалъытэ

«Спортым и архитектурэ-2008» Урысейпсо зэпеуэм кърик1уам ипкъ иткІэ, «Спорт инфраструктурэм и объектхэр» ночнацэм ещанэ ушыпІэр кьыщыхуагъэфащащ Іуащ1ыжмахуэ дъаепэ и бгылъжэ курортым зегъэужьыныжк1э программэм хыхьэу ящхуэ «Азау - Старый Кругозор» пассажир гондольнэ к1апсэ гъуэгум и проектым.

ПРОЕКТЫР яг1эхьэзыраш Налшык щыщ архитекторхэу Смертюкхэ Богдан, Павел, конструктор Щелочков Евгений сымэ, Мэзкуу и «Савойяхьэщ1эщым, текІуахэр щагъэльэпІам, абыхэм кьыщратащ саугъэтыр, олимп мафІэм и дамыгъэм и нэщэнэ кубокыр, Германием и «Шуко» компаниием и предприятэхэмрэ абы и технологиехэмк1э ухуэныгъэхэр щрагъэк1уэк1 щ1ыпІэхэмрэ к1уэну хуит зыщ1, лауреат зэрыхьхуэхэмк1э сертификатыр. А нэмыщ1 компаниемрэ Урысеим и Архитекторхэм я зэгухьэныгъэмрэ кьызэрагъэпэща зэпеуэм и к1ал1эну щытар тЕхнологиещ1эхэр ухуэныгъэм я Іэнат1эхэм хэІущ1ыІу щы-щ1ынырщ, ди архитекторхэм кьхуаІэ пыщ1эныгъэхэр гъэбыдэныращ.

Фигу къэдгъэк1ыжынщи, Іуащ1ыжмахуэ лъапэ турист комплексым зыщегъэужьныныр Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономик1э политик1эм и унэтІныгъэ нэхъыщ1ыхьхэм ящ1ыщ1. «Урысей Ищ1ыФЦП-м ипкъ иткІэ, и1ыгъ гъунэгъуэм абы щащхуэну я мурадщ к1апсэ гъуэгуэхэм я иджырей комплекс. Ищ1 хуэдэу 2006 гъэм и дыгъэгъазэм яутІыпщ1ауэ щытащ. ЕтІуанэрэм мыгувэу ирагъэжьэнущ, кьыкІэтыкІуэу Іуащ1ыжмахуэ и джабэ нэкІуэм ещанэрэм уХуэн щ1ыщІадзэнущ. Проектыр зэфІэкІмэ, бгы-лыжэ спортым дихьхьхэр метр 5850-к1э тенджызым ищхьэк1э щ1ыІэ лъагаПэм тыншу дэкІыфынущ. Іэщ1агъэлІхэм зэрыжаІэмк1э, абы ягъэсыф ящ1ащ1 гъуэгуэр нобэ Европэм щауэхуэркъым.

ХЬэПЭ Маринэ.

Хьэрычэт Іуэху мыинымрэ икъу итымрэ дэІыгъынымк1э «Урысейм и щІэгъэкъуэн» жылагъуэ организацэм и щ1ыналъэ къудамэм и Іэтащхьэ Къэлэбай Аслъэн и Альберт «Иртекс» ООО-м и унафэщ1 Дыщэк1 Юринэ дипломыр иретыж.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

«Дыщэ налыр» - текІуахэм

● Зэпеуэ хэр

Гъатх эпэм и 19-м Къэрал концерт гъэлъэгъуэнІэм щагъэлъэпІащ «2008 гъэм Налшык къалэм и хьэрычэтыщ1э нэхьыф1» зэпеуэм щытекІуахэр.

АБы ТЕУХУАУЭ щ1ыпІэ администрацэм зэхэщ1а гуф1эгъуэ зэхъхьэм хэтащ Іэнат1э унафэщ1эр, Іуэхущ1апІэ зэмылІэужьыгъуэхэм я л1ыкІуэхэр, хьэрычэтыщ1эхэр.

Зы1ущ1эр къызэІуаха нэужь, яп1э псалъэр лъагъэсащ къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къудзэ, сатумрэ хьэрычэтыщ1э Іуэхугъэмк1э управленэм и унафэщ1 **Тюбеев Хьызыр.** Зэпеуэм щытекІуахэмрэ абы жыджэру хэтаХэмрэ екьуэхьэри, ар к1эщ1у кьытеувыІащ Іэнат1э мыинхэм ди гъащ1эм щагъэзащ1э мыхьэнэмрэ къалэм и экономик1эм хуащ1 хэлъхьэныгъэмрэ зыкъуэдэм.

«Иджы еблан3рэ мыпхуэдэ Іуэху дахэк1э дыззохьэ. Абы льандэрэ «Ильэсым и хьэрычэтыщ1э нэхьыф1» зэхьэзэхуэм хэтащ Іэнат1э цІыкІуу 200-м щІигъу ик1и 57-р номинацэ зэмылІэужьыгъуэхэм щытекІуащ, республик э, Урысей мыхьэнэ зи1э зэпеуэхэм увыІпІэ лъагэ кьыщцІэхьхьаэхэри мымащ1эу яхэтщ. Къалэм и экономик1эм дежк1э хьэрычэтыщ1эхэм я зэф1эк1ым куэд ельытащ. Аращ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Урысей Іуэхум гульытэшхуэ щ1ыхуищ1ыр», - ксыигъэльэгъуэ щ1ыІоБеев Хьызыр.

Нобэ Налшык щ1ыІэщ предприятэ цІыкІуу 1700-м щІигъ у, щхьэхэзыгъэзыраужьэу мини 8-м нэблагъэ. Абыхэм цІыкІуу лэжьапІэ яГъуэтащ.

Зэпеуэм хэтыну хуейуэ хьэрычэтыщ1э 60-м нэсым я тхьапэхэр яратти, пхьыдар 20-щ. Ахэр кьыщ1ыхьхьам кьалъытащ улахуэр зэрыхьур, Іуэхутхьэбзэхэмрэ кьыщІагъэкІ продукцэхэмрэ я ф1агъыр зыхуэдэр, я финанс щытык1эр, нагуэр зэратыр, нэгъуэщ1хэри. Псори зэпащэна нэужь, номинацэ 11-м щытекІуа цІыхуи 10-р ягъэбелджылащ. Кьыхахахэр хэтми наІуэ кьыщ1ыхьуар я цІэ-унэцІэхэр зытетха тхьылъымПІэр чэзуэу конвертхэм кьыдаха нэужькІ.

ТекІуахэр фыдогъэцІыхьу:

«Промышленность» номинацэм - «Иртекс» ООО-м и унафэщ1 Дыщэк1 Юринэ, «Уху зынигъэмрэ псэуалъэпхъэмрэ» - «М-строй» ООО-м и унафэщ1 Махуэ1 Руслан, «Сату Іэнат1э» - «ТНВ» ТК-м и унафэщ1 Теунэ Руслан, «Жылагъуэ шхапІэ» - «Кьууанч» кафем и унафэщ1 Моллаев Алим, «Узышыгагъэ хьуэмэ» - «Медиум» ООО-м и унафэщ1 Батыр Руслан, «ЖКХ-мрэ экологиемрэ» - «Эколог плюс» Іуэхущ1апІэм и унафэщ1 Абыкьуэ Льостэнбэч, «Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыкьпхъэхэмрэ» - «Налшык консерв завод» ООО-м и унафэщ1 Елмэс Сультэнбэч, «Іуэхутхъэбзэхэр» - «Камелия» ООО-м и унафэщ1 Молэ Руслан, «Псапащ1э Іуэхуэхэр» - «Гермес» ООО-м и унафэщ1 Хочуевэ Мадинэ, «Іуэхузэхьэ цІыхубз» - «Брак и семья» Іуэхущ1апІэм и унафэщ1 Саламатинэ Нелли, «Налшык къалэ» округым зэфІэкІ зи1э и хьэрычэтыщ1э ныбжьыщ1э» - Теунэ Руслан сымэщ.

Зэпеуэм и «Дыщэ нал» дамыгъэр, инголмэхэр, тыгъэ лъпІэхэр текІуахэм ираташ кьалэ администрацэм и къудамэхэм я унафэщ1хэмрэ Налшык щ1ыщ хьэрычэтыщ1э щІрыІуэхэмрэ.

Зэхьыжьэр ягъэбжьыфІащ ди эстрадэм и артистхэм.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Кьыхаха гъэугум текІынукъым

АБХЪАЗ. *Абхъазыр Урысей Федерацэм е иогъуэщ1 къэрал гъэрым хьыкъэн мурад щ1экъым.*

РЕСПУБЛИКЭМ и Президент Бгъэпщ Сергей апхуэдэу иджыблагъэ яжриащ Европарламентымрэ Европсоюзымрэ я л1ыкІуэхэм.

«Дэ доуХуэ демократиер щытепщ1 къэралыгъуэ щхьэхэм дыІумыуэми, а гъэгум дытекІын мурад диЭкъым. Абхъазым зэпсэльынигъэ Саакашвили Михаил афІэкІа дригъэкІуэжІынукъым. Дыхьэзырщ дунейпсо зэгухьэныгъэм хэтхэр, журналистхэр зыщІэупщІэр гъунэнэшт.

КъБР-м и л1ыкІуэхэм я пашэ, Президент Кьанокъуэ Арсен кьыз3рыхигъащ1амк1э, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэфІэк1 апхуэдэ утыку щигъэл1ыгъуэным мыхьэнэшхуэ и1эш; республикэм зыхуигъэувык1ыгъуэм къалэнхэр кризисым и зэранк1э Іэщ1ыб зэримыщ1ыр, инвесторхэм ядэлэжьыну зэрыхьэзырыр нэрылъагъу зэриущ1 Іэмалщи.

- Апхуэдэ щ1ык1эк1э дэ доІэт ди республикэм и щ1ыхыр, абы и Іуэхугъэ зэрыдзэк1ыр адрейхэм кьыдогъащ1э, дзыхь зыхуэпщ1, мылъку зыхэлтыкъэ зыун щ1ынагъуэ зэрыщ1ытыр ядогъэльагъу, - жи1ащ Кьанокъуэ Арсен.

Фигу къэдгъэк1ыжынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и л1ыкІуэхэр иджы епл1анэрэ Канны мак1уэ. Иджырейм папщ1э проекти 7 ягъэхьэзырращ. Іуащ1ыжмахуэ лъапэ зыгъэпсэхупІэ зэпэщ1эр щыухуэным теухуэрэ (апхуэдэщ, псальэм папщ1э, «Чегет», «Чиперазэ», «Юсенги», «Іуащ1ыжмахуэ» комплексэр) адрей гъэхэм ягъэльэгъуэм къахэхъуащ республикэм и кьалащхьэм дэт «Налшык» аэрощ1эщ зэгъэпэщ1ыжным, Идар Темрыкъуэ и щ1эр зезыхьэ уэрамым тету псэупІэ унэ, Шэрэдж ГЭС-р уХуэным я проектхэр. А псоми зэхэту евр3 мелард 1,5-р я уасэщ.

Ди л1ыкІуэхэр Канны зэрыкІуам текІуэда ахъшэр къызыхахар КъБР-м Зыужьныгъэмрэ инвестицэхэмк1э и агентствэм и мылькурщ. КъБР-м экономик1э зыужьныгъэмрэ сатумк1э и министр Мусуков Алий европей выставкэм иджы апэу щагъэльагъуэ ди проектыщ1эхэм щытепсэльыхьым къыхигъэщащ «Налшык» хьэщ1эщым ирбыд щ1ыпІэр щ1ыдащк1э нэхъыбэ я щ1ыну зэрамурадыр, къат куэду зэтет унэ къыгащ1ыхьыну, пресс-пэшышхуэ, спорт-нэгузыужь комплекс, нэгъуэщ1хэри хэту. Къ1ал к1уэ1ым хъэблэщ1э щ1ыуухэным теухуауэ министрым жи1ащ ар аэропортыр здэщыт щ1ыпІэм щащ1ынк1э зэрыхъунур, къхъулъатэ къэт1ысыпІэр къ1ал даха нэужь.

Тироль Ищэ (Италие) щы-Іэ туриндустрие Іэнат1эхэм я л1ыкІуэхэр, бгы1ъэ зыгъэпсэхупІэхэр уухуэным зи Іуэху тещ1ыхьаХэр, щ1эуп1ащ1 абы епхауэ ди Іэщ1агъэл1эхэм утыку кьрахьа проектхэм.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Тхьэлъэщ1э

Адыгэ Прометей

«Полиграф-Юг» ОАО-м (Мейкъуапэ) урысыбзэк1э кьыдигъэк1ащ тхак1уэ Сэрахьэ Александр и кьалэмыпэм кьыщ1эк1а, адыгэм и щ1эныгъэ, ди ныбжьыщ1эхэм я Іуэхугъэ, ди гъэсыныгъэ, ди бюджетыр хуэдищк1э - меларди 6-м ик1ыу 19,8-м нэс - щыкагъэхъуэфа зэманым, гурыІуэгъуэ хъуащ жылагъуэ зэхущытык1э тэмэм здэщыІэ щыналъэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьэнэжьыным гулъытэ хэха зэрыхуэщ1ыпхъэр. Кавказ Ищхьэрэм щыщ1э зэпІэзэрытынигъэр хъума хъуным жылагъуэ кьару псори хуэзщ1эгъэІу эн хуейщ. Гъэбыдэн хуейщ властымрэ жылагъуэмрэ яку дэлъ зэпыщ1эныгъэхэр.

МЫТЫНШУ, ауэ куп1щ1афІэу, къэхъугъэ Іэджэхэмк1э гъэнщ1ауэ щытащ Къ1алмыкым и гъащ1э Іэгуэгъанэр. Ар гурэ псэк1э хуэлэжьащ къызыхэк1а адыгэ лъэпкъми Урысей къэралыгъуэми. Еджагъащ1э Ахъубо Юрий зэрыжи-Іэгъащ1эр, Къ1алмыкыр ещ1ыт Прометей, цІыхубэм нур гуапэк1э яхуэблэрт, я гъэзугуанэхэр яхуиГъэнэхуу.

Ди гуапэу ик1и дригушхуэу мы тхыгъэ щ1ык1ым къызыдогъэщ Къ1алмыкъ Юрий и гъащ1эм щ1ыщ къэхъугъэ гуэрхэр. 1934 гъэм ар кьыщ1ащхуащ Къэрэшей-Шэрджэсым. Ленинград университетым юридическэ факультетыр кьыщ1иурэн, Саратов юридическэ институтым и аспирант хъуащ, юридическэ щ1эныгъэхэм я докторщ, профессорщ, СССР-м, УФ-м я депутатэ ахъшэгъащ, 90 гъэ гугъуэхэм Урысей Федерацэм юстицэмк1э и министру лэжьащ. УФ-м Шынагъэншагъэмк1э и Советым хэтащ, юстицэмк1э къэрал советникыу щ1ыгъэжащ. Щ1эныгъэмк1э хэлъхьэныгъэфІ хуищ1ащ, тхылъ пІащ1эр тхыгъэ щхьэхуэзу щитпым щІигъу игъэхьэзыращ.

Къ1алмыкъ Юрий щапхъэфІт и хьэл-щэнк1и, цІыкІу хэтык1эк1и. Тхакъуэ Нало Заур кьызэрильытэмк1э, ар бегъымбар тельыдэжэм хуэдэт и псэук1эк1и, и Іуэхущ1афэхэмк1и.

Зи гугъу тщІы тхыгъыр яГъэщ1эращ1э сурэт, дэфтэр гъэщ1эгъэнэхэм, Къ1алмыкъыр щ1ыкуэм фІыуэ ильагъуэ зэрыщытам и щ1ыхьэт наІуэ.

Зэрахьэ Александр и тхылъыщ1эр зыитхуэхам и фоепІэ гъуэгуэджэщ, щІэджыкІакІуэхэм я дежк1и тыгъэфІщ.

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.

● Хьэбарегъащ1э

Адыгэ ИлъэсыщІэр къохьэ

Гъатхэпэм и 22-м, гъэрэ щІырэ щ1ызэхэкІ махуэм, Налшык къалэ Абхъазым и утыку щек1ыжІынущ Адыгэ Илъэсыщ1эр къызэрихьэм хуэгъэпса махуэшхуэ. **ЩыщІидзэнур сыхьэт 14-рщ.**

А махуэм ЫкъызэІуахынущ щІымахуэ маззэхэм зэпІагъэуэуэ щита, бэрэжьеиЫ кІъэс зэхащ Адыгэ джэгур.

Фыкъеблагъэ!

Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, Адыгэ конгресс.

ЛЭжьапІэщхэр нэхъыбэ мэхъу

Мазэ к1уам Урысей Федерацэм лэжьапІэщ1эу щатхам я бжьыгъэ щ1ыхь мелуани 6,4-р ирикъуащ.

Щ1ыпл1эм апхуэдэхэр щ1ыхь мелуани 6,1-р хъууэ арат. Росстатым къызэритымк1э, лэжьапІэщ1эу ятхахэр мелуани 2-м ирэт мазаем. Ар лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм я проценти 8,5-рэ мэхъу. Нэгъабэ я мазаем еплъытагъэ, мы гъэм лэжьапІэщ1эхэр ихьыбгъэ хъуащ процент 20,6-к1э. Гъатхэпэм и 13-м ирихьэлІэу лэжьапІэщ1эу ятхам я бжьыгъэр мелуани 2-р мин 77-м эрэщ1ыгъуам наІуэ къещІ пособие хъЫхьэзыхъэрэ нэхъыбэр зэрыхъуэр.

Урысейр арэзыкъым

НАТО-м и зэуэ Іуэхуэхэр щ1ыбыхъуну иужь итщ альянсыр щытепщ1э щІынальэм химыубыдэ щІынІэхэмк1.

«Ар Урысейм кьымыпытэнк1э Іэмал и1эхъыМ», - щыжи1ащ Москва щригъэкІуэк1э пресс-конференцым УФ-м и МИД-м и Іэтащхьэм и къудзэ Рябков Сергей. Абы кьыз3рилытэмк1э, НАТО-м «и къарур кьыщигъэсбэныну Іупщ1къым». Дипломатым зэрыжи1эмк1э, Урысейм ахэр зэтеІыгъэн папщ1э кьигъэсбэныну дуней псом щызэщ1ата хабзэхэмрэ ООН-м и уставымрэ. Абы кьыхиГъэщащ, кьыпеуа1амэ, 51-нэ статьям дэтхэм къэралри и щхьэ ихьумэжыну хуит зэрищ1ыр, 7-нэ статьями, дунейпсо мамырыгъэр щынагъуэ хэхуамэ, ООН-м Шынагъэншагъэмк1э и Советым къару кьигъэсбэныну Іэмал кьыз3ритыр.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 21, *щэбэт*

◆ Сыгъэм и дунейпсо махуэ. 1999 гъэм и щэкІуэгъуэм ЮНЕСКО-м и Генеральнэ конференцым иригъэкІуэк1а 30-нэ сессием зэрызэпІэкІыжьым ельытІа унафэр кьыщ1ащтащ.

◆Льэпк1э зэхъуэжыр гъэкІуэдыным и дунейпсо махуэщ. 1966 гъэм зэпІуэгъуэм и 23-м дэжьэн щІидзащ ООН-м абы ельытІауэ кьыщта унафэм.

◆Илъэси 121-рэ и пкІэ кьыщІухуащ (1888 - 1937) щІэныгъэлІ, егъэджакІуэ, тхак1уэ **Борыкъуей ПтІгЕ.** 1937 гъэм щыІа политик1э зэхэзекъуэм хэкІуэдащ.

◆ 1730 гъэм адыгэщ1 Черкасский Алексей «Андрей Первозваннай щІихьым и орденыр» кьратащ.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэт 6-рэ дакьикьи 5-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 18-рэ дакьикьэ 21-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъынущ сыхьэт 12-рэ дакьикьэ 16-рэ.

Плэнэпэр зыгъэхъэзырыр ГЪУЩІО *Зарифи.*

Лъэпк1э Іущыгъэ:

Хьыбар щІэупщІэ хьыбар ещІэ.

■ Зы1ущ1эхэр ■ Махуэгъэпс

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Малъхъэдис Щэбэт кьыдокІыгъуэ ■ Спорт

◆ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэт 6-рэ дакьикьи 9-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 18-рэ дакьикьэ 18-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъынущ сыхьэт 12-рэ дакьикьи 9-рэ.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэт 6-рэ дакьикьи 7-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 18-рэ дакьикьэ 19-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъынущ сыхьэт 12-рэ дакьикьэ 12-рэ.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэт 6-рэ дакьикьи 5-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 18-рэ дакьикьэ 21-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъынущ сыхьэт 12-рэ дакьикьэ 16-рэ.

Къыхаха гъэугум текІынукъым

АБХЪАЗ. *Абхъазыр Урысей Федерацэм е иогъуэщ1 къэрал гъэрым хьыкъэн мурад щ1экъым.*

РЕСПУБЛИКЭМ и Президент Бгъэпщ Сергей апхуэдэу иджыблагъэ яжриащ Европарламентымрэ Европсоюзымрэ я л1ыкІуэхэм.

«Дэ доуХуэ демократиер щытепщ1 къэралыгъуэ щхьэхэм дыІумыуэми, а гъэгум дытекІын мурад диЭкъым. Абхъазым зэпсэльынигъэ Саакашвили Михаил афІэкІа дригъэкІуэжІынукъым. Дыхьэзырщ дунейпсо зэгухьэныгъэм хэтхэр, журналистхэр зыщІэупщІэр гъунэнэшт.

КъБР-м и л1ыкІуэхэм я пашэ, Президент Кьанокъуэ Арсен кьыз3рыхигъащ1амк1э, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэфІэк1 апхуэдэ утыку щигъэл1ыгъуэным мыхьэнэшхуэ и1эш; республикэм зыхуигъэувык1ыгъуэм къалэнхэр кризисым и зэранк1э Іэщ1ыб зэримыщ1ыр, инвесторхэм ядэлэжьыну зэрыхьэзырыр нэрылъагъу зэриущ1 Іэмалщи.

- Апхуэдэ щ1ык1эк1э дэ доІэт ди республикэм и щ1ыхыр, абы и Іуэхугъэ зэрыдзэк1ыр адрейхэм кьыдогъащ1э, дзыхь зыхуэпщ1, мылъку зыхэлтыкъэ зыун щ1ынагъуэ зэрыщ1ытыр ядогъэльагъу, - жи1ащ Кьанокъуэ Арсен.

Фигу къэдгъэк1ыжынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и л1ыкІуэхэр иджы епл1анэрэ Канны мак1уэ. Иджырейм папщ1э проекти 7 ягъэхьэзырращ. Іуащ1ыжмахуэ лъапэ зыгъэпсэхупІэ зэпэщ1эр щыухуэным теухуэрэ (апхуэдэщ, псальэм папщ1э, «Чегет», «Чиперазэ», «Юсенги», «Іуащ1ыжмахуэ» комплексэр) адрей гъэхэм ягъэльэгъуэм къахэхъуащ республикэм и кьалащхьэм дэт «Налшык» аэрощ1эщ зэгъэпэщ1ыжным, Идар Темрыкъуэ и щ1эр зезыхьэ уэрамым тету псэупІэ унэ, Шэрэдж ГЭС-р уХуэным я проектхэр. А псоми зэхэту евр3 мелард 1,5-р я уасэщ.

Ди л1ыкІуэхэр Канны зэрыкІуам текІуэда ахъшэр къызыхахар КъБР-м Зыужьныгъэмрэ инвестицэхэмк1э и агентствэм и мылькурщ. КъБР-м экономик1э зыужьныгъэмрэ сатумк1э и министр Мусуков Алий европей выставкэм иджы апэу щ

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Зэдэарэзыуэ унафэ зыбжанэ къызэдащтэ

Ди газетым зэрытещащ, гъатхэпэм и 19-м КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен районыр административ-территориэ ыкIи къэралыгъо лъэныкъуэхэм я IуэхущIапIэхэм я IуэхущIапIэ, абы къыщыдэтат «КъБР-м и жылагъуэ хэм социальнэ, инженернэ зыужьныныгъэмрэ уахътенчэныгъэмкIэ я екъулIапIэхэр» республикэ проектыр зэрагъэзащIэ щыкIэр, абы екъулIа IуэхугъуэкIэ.

ЗЭЧЩIэ къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

- Ди нобэрей зэIуущIэм икъукIэ мыхьанэшхуэ иIэщ, - жиIащ Къанокъуэм. - «КъБР-м и жылагъуэхэм социальнэ, инженернэ зыужьныныгъэмрэ уахътенчэныгъэмрэ республикэ проектыр зыужьныгъэхэмкIэ я екъулIапIэхэр» республикэ зыужьныгъэхэмкIэ я Iуэхугъуэхэмрэ я кIэм нагъыбзык, хабзэ хэсэм къагъэльагъуэ мардэм ирашэлIэн папщIэ, рес публикэр хуэныкъуэщ сом мелард 21-рэ мелуан 587-рэ.

- Законхэм кьыхэзыгъэсыгъ ыбзэ Iуэхуэхэм теухуауэ, псалъэм папщIэ, гъуэгухэм, куей администрацIэхэм я Iэтащхьэхэм даIуцIэрэ, я Iуэху еплыкIэхэм дыщIэупщIащ. Абы жаIам яткIи иткIэ, жылэм кIуэцIрыкI гъуэгу я хъыщхъэ мыхьуфмэ, гъэтIылъыгъэ хуэмейуэ къэтIылъащ. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, пшапэ зэхъэгъуэм уэздыгъэхэр щIалэгъаныэрэ, жэщыр сыхьэт 12 хъуауэ ягъэбзэнущ, ауэ гъуэгу зэхэкIыпIэхэм тет уэздыгъэхэр нэху щыхуэ щIэгъэнауэ щытын хуейщ. АдэкIэ хъэхэм къызэщIаубыдэ зэращащ, - жиIащ абы. - А тхыгъэм ипкъ иту упсалъэмэ, цIыхухэм псом япэ ирагъэщIыр машинэхэр зэрызэкIуэ гъэгуэгэр зыхуей хуэгъэзэныгъ. Iмал имыIэу асфальт теПхъэн хуейщ кIуажэ хэмрэ кIалэхэмрэ я гъуэгухэм. Абы кIищынэмыщIа, гъэзэгубгъэм гъэм дыгъэ пкъохэр гъэувыпIхъэщ. ЦIыхухэм ягу кIоуэ кхъэхэр кIабзэу, зэщIэкIуаауэ зэрыщIымытыр. ЗэрыгуфIуэзэщIи, сыт хуэдэ Iуэхущ IапIэм, спорт юмплекси, курыт еджапIэри, сымаджэщхэри кIабзэлъабзэу зехьэн хуейщ. Псомэ зэрытщIэщи, псалъэмакъ нэхъыбэ кьэзышэр языныкIуэ жылэхэр уэздыгъэкIэ, гъэсыныпхъэкIэ, псыкIэ тэмэму кIыхьзыщIыпхъэщащ, ахъэм елхэ гугъуехь хуэд зэрыщIыпращ, - жиIащ министрым.

Мы кьебджэкIа Iуэхугъуэхэм теухуауэ, псом хуэмыдэу, социальнэ Iуэхугъуэхэм, федеральнэ хабзэхэм кьытхуагъэув мардэ гуэрхэр щыIэщ, уебжьэныкIэ Iэмал имыIэу. Псалъэм папщIэ, узынщагъэр хъумэным ехьэлIауэ, хабзэм кьеГъэувэ щIыху минии 10-м тешIыхьауэ сымаджэщым гъэзэтыпIи 102-рэ иIэн хуейуэ. Апхуэдэу до хутыркъэм я бжыгъэри зэпэщчащ - а щIыху бжыгъэ дыдэм дохутыр 41-рэ хуоуэ.

Псори кьызэщIэубыдауэ, социальнэ, инженернэ зыужьныныгъэ хэмрэ уахътенчэныгъэхэмрэ я кIэм нагъыбзыкI, хабзэ хэсэм къагъэльагъуэ мардэм ирашэлIэн папщIэ, рес публикэр хуэныкъуэщ сом мелард 21-рэ мелуан 587-рэ.

- Законхэм кьызэщIаубыдэ Iуэхуэхэм теухуауэ, псалъэм папщIэ, гъуэгух

Хъущт Асльэнбэч Шапсыгъым щагъэльапIэ



Хъущт Асльэнбэч Шапсыгъ Адыгэ Хасэм къыщопсалъэ.

Нэгъабэ Пекин щекIуэкIа Олимп Джэгуэхэм щытекIуа ди бэнакIуэ Хъущт Асльэнбэч иджыблагъэ щыхьэщIащ я лъэпкъыр зыщыщ щIыналъэм - Кичмай Ин жылагъуэм.

ОЛИМП Джэгуэхэм я дыщэ теуваIэм Хъущтыр дэкIуеягъ, ильэсищэ и пэкIэ Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ и закъуэу, ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу гуапэу, зэIухауэ кьыдэпсэльащ.

- Бжьыхьэм Адлер зыщыдгъэсэнущи, абы дыщыззэхуэзэнщ, - кьыщыгуфIыкIыу кьыжриIащ абы «Шапсыгъ» газетым и корреспондентым, интервью кьыIихыну зыщыхуитащэм.

Нэгъабэ щэкIуэгъуэм Хъущтым УФ-м Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ и федерацэм и унафэщIхэм я гъусэу Сочэ кьыщызэIуихащ бэнакIуэ цIэрыIуэ Карелин Александр и цIэр зезыхьэ спорт пэщышхэ. Абыи Асльэнбэч куэдрэ зыщIкIыкIыу хуей хьуащ. 2008 гъэм и спортсмен нэхъыфIу кьыз эралытам и щыхьэту, а махуэхэм ящыщ зым ди лъэпкъэгъум кьыхуагъэфэщащ дуней псом и бэнакIуэхэм нэхъ лъапIэ дыдэу кьалытэ тыгъэр - «Зэрыбанэ дыщэ фащэр». Дыщэпс зытегъэльэда статуэтхэр абы кьриитащ Сочэ кьалэм и унафэщIу а зэманым щыта Хьэту Жамболэт.

Зыми емыщхь чемпион

ТХЬЭМАХУИТКIэ Адлер щекIуэкIыну кьыкIэльыкIуэ зыгъэсэныгъэхэм Асльэнбэч мазаем и 24-м кьэкIуащ, Франджым кьильэтыкIри. Абы чемпионым кьыщихьат дунейпсо Кубокыр. Абы зигъэпсэхуну зэман иIэтэкъым - иджы ди кьэралым и командэ кьыхэхам щIэгъэзэжьыкьауэ зыхуеягъэхьэзыр мэлыжьыхьым екIуэкIыну европэ чемпионатым. Спортсменхэм я зэманыр IэпэдэупIэ имыIэу гуэщащ. Нэхьапэм кьагъэльэгъуа зэфIэкIхэм емыльытауэ, щыIэ хабзэхэм псори тетын хуейщ.

Хъущтыр зыми емыщхь чемпиону кьыщIэкIащ. Уи нэгу кьыщIэбгъэхьэну гугъуу мыпхуэдэ псальэмакъ нэгъуэщI спортсмен цIэрыIуэхэм ядебгъэкIуэкIыфынущ.

- Дапхуэдизрэ гъуэгу дызэрытетынур? - щIэупщIащ ар.

- Адлер кьыщыщIэдзауэ Кичмай Ин нэсыхукIэ сыхьэтитI нэблагъэ дэлщ, - жэуап кьеспщыжащ сэ. - ДызэрызэгурыIуам дытету дыкьэкIуэнщи, утышэщи уеблэгъэкIыну.

- Сэ езыр мафIэгъкIэ сынакIуэмэ зэхэсыфIу пIэрэ? - кьыхилхьащ Асльэнбэч.

- Ди гъуэгухэр кьэпытекхьэльэу ара?

- Хьэуэ, ауэ апхуэдизэ гъуэгуанэ сэр щхьэкIэ зэпывэзэмыгъэчыну араш.

Дуней псом и щIыпIэ куэдым Iэгуауэшхуэ зыхуэIэт, ар нэгъэныбжьэгъуну, зрагъэцIыхуну цIыху цIэрыIуэ дыдэхэми пщIэшхуэу кьалытэ щIалэм жиIам сыкьинтгъуIэбжьауэ тIэкIурэ сыщытащ.

- Сыхьэт зытIущкIэ сыкьинутIыпщыфынумэ, ди тренер нэхьыщхьэм сепсэльэнщ, - жиIащ Асльэнбэч.

Абы и нэгум иплъагъуэрт и адэжьхэр щыпсэуа щIыпIэр зригъэльагъуну, зригъэщIыхуну, и Iыхьлы шапсыгъхэм япсэльыпIэну зэрыщIэхъуэпсыр. АрщхьэкIэ ар зэпыпщ ягъ икъукIэ гугъут.

ДызэгурыIуащ дыщызэхуэзэну махуэмрэ сыхьэт бжьыгъэмкIэ.

- Зыгъэсэныгъэхэм я программэр БэнэкIэмкIэ федерацэм зэхэгъэувэ, абы кьыхэкIыу зэхьэуэкIыныгъэ зэпльхьэнуэмкIэ Мэзкоу уепсэльэн, угурыIуэн хуейщ. Дэ ди Iэхуэм цIыкIуфэкIу хэлькьым, - жеIэ Хъущтым и тренер Кьардэн Анзор. - Ауэ Асльэнбэч жэуаплныгъэшхуэ зэрыхэльыр кьальытэри, дыкьауатIыпщауэ араш. Фи фIэщ зэрыкьун, апхуэдэхэр кьыщыхьур мащIэ дыдэрэщ. УнафэщIхэр щыгъуэзэщ бгырыс лъэпкъхэм я хабзэхэм, унагъуэ зэхущытыкIэхэм. Ари, щэч хэмылъу, кьалъытащ Асльэнбэч кьыщаутIыпщым.

Дэ дымыIащIэу Адлер дыкьыдож, Хостэ, Кудепстэ, Мацестэ, Сочэ - Асльэнбэч мы щIыпIэхэм япэ дыдэу щыIэу арат. Абы фIэгъэщIэгъуэнщ гъуэгум кьыщытхуэзэ фIэщыгъэхэм я хъежьапIэр, абыхэм я тхыдэр, щIоупщIэ нобэ тенджыз фIыцIэм Iус адыгэхэм я псэукIэм, сыт хуэдэ гукьеуэхэр яIэми, щIалэгъуалэр сытым дихьэхми, спортым сыт хуэдэ зыужьыныгъэ игъуэтами. КIэщу жыпIэмэ, дызытепсэльыхьын ди гъунэжт.

Дэтхэнэ ехьулIэныгъэр уи щхьэм уэзрыпэльэщ текIуэныгъэ цIыкIущ

МАХУЭР щэбэтти, гъуэгухэм автомашинэ куэд щызекIуэрэтэкъым. Псахэ псы Iуфэм щыIэ Мамайкэ щIыпIэм и деж (убыххэр Мамай кьалэкIэ еджэр) щыIэ шхапIэм дыкьыщоувыIэ. ТэкIу дыздедзакъэм, псальэмакъым пыдощ.

- Асльэнбэч и Олимп щыщ медалым зэрыкьэкIуа гъуэгуанэр икъукIэ гугъут, - и гъэсэныр зэрыIукIар кьегъэсэбэпри, жеIэ и тренер Кьардэн Анзор. - Командэ кьыхэхам езым ипкъ иIэжщи, абы уэхэхуэныр гугъуд, лэжьыгъэ хьэлъэ пыщIащ. Пекин дыкIуэным и пэ кьихуэ ильэситIым зыми щэч кьытредгъэхьакьым дэ кьэралым и цIэкIэ Олимп Джэгуэхэм дыззэрыщыбэнэфынум. Асльэнбэч и зэIущIэ псоми кьабэзэу щытекIуэрт, а зэманым кьриубыдэу и хьэрхуэрэгъуэхэм зы очко закъуэ фIэкIаи яритакъым. КьищынэмыщIауэ, ар хуитакъым икIи хуиткъым щыуагъэ гуэр IэщIэкIыну, - апхуэдэу ущытыныр икьуфIэ хэлькьым, - жеIэ Хъущтым и тренер Кьардэн Анзор. - А фIэщхьэпIэ сэ кьызэдаIыгъэр командэ кьыхэхам и тренерхэми - щIалэр сытым дежи текIуэныгъэм хущIэкъурт, ар ди лэжьыгъэм щынэхьапэхэм ящыщ. Цыхуэгъэ и лъэныкьуэкIэ уеплъмэ, куэдым ар ягу ирохь - Асльэнбэч цIыху зэIухащ, гу кьабзэщ, пщIырэ фэрыщIагъэрэ ильагъу хьуркъым. Абы хуэдэхэм щхьэкIэ жаIэ: захуагъэм и тельхьэщ.

Iэмал гъуэзэджэ

ПЕКИН и дыщэ медалыр Асльэнбэч кьыхуихьащ езым фIэкIа зыми кьыхуэмыгъэсэбэп бэнэкIэ гъуэзэджэм - «бгырыпх зэдзэкIа» зыфIащам. Мы спорт лIэужьыгъуэм хэтхэр щыгъуазэщ ар зэбгъэхьулIэну хуабжьу зэрыгугъур. КьызэрымыкIуэ кьаужырэ Iэзэгъымрэ нэмыщI, абы папхэкIыу гъуэгуанэм сыхьэт нэблагъэ токIуадэ. Зэманыр пщIэншэу дымыгъэкIуэду адзкIэ докIуэ - Дыгъэмыс, Лоо, Вардан (убыххэр Уэрдэнкlэ еджэу щытащ), Детляжкэ (ДетлIэкъуей), Головинкэ (Щыхьэп). Шахэ псым и ауэым дыщынэсым, Хъущтыр щым, хэгупсысыхь хьущ. Ар икIи гурыIуэгуэщ - адэжь щынальэм ягъэ ущихьар игъащIэ псокIэ гум кьонэ.

Головинкэ и деж бгымкIэ доунэтI. Хъущт Асльэнбэчгъэ Кьардэн Анзоррэ яхуэзэну Кичмай Иным кьыщыщэхуэсат гъунэгъу жылэхэм щыпсэу шапсыгъхэр. Яхэтт абыхэм Хъущтхэ я лIыкIуэхэри - нэхьыжьхэри щIалэгъуалэри. Мы къуажэмэ пщIэшхуэ щызIиI Хъущт Заур и пщIантIэм пщэдджыжьым жьыуэ тхьэльэIуу Iэщ щаукIат, адыгэ шхыныгъуэ Iэфхэр щапщэфIырт. Кичмай Иным и махуэшхуэт!

Блэкlам и дерс ящымыгъупщахэр

АХИНТАМ жылагъуэм щыпсэу Хьэщlэмызхэ я унагъуэм щыззрахьэ Хьэщlэ лъапIэхэм я тхьалъ. Абы Асльэнбэчэи иритхащ зыхищIэ гурыщIэхэр кьэзыгъэльапIуэ псалъэ гуапэхэр. Шапсыгъхэм кьахуэкIуэ дэтхэнэри мы щIыпIэм кьыщIэзэтеувыIэ хабзэщ. Унагъуэм и нэхъыжь Хьэщlэмыз Хьисэ езым хьэщIэр кьрегъэблагъэ. Iэмал имыIэу яхутопсэльыхь тенджыз фIыцIэ Iуфэм щыпсэу адыгэхэм я кьекIуэкIыкIам, хабзэм, зэхэтыкIэм. Унагъуэ музейм щызэхуэхьэса хьэпшыпхэр мы щыпIэм игъащIэ лъандэрэ щыпсэу шапсыгъ адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ зыужьыныгъэм и щыхьэтщ. Бгырыс хабзэ уардэм, адыгагъэ нэсым ятеухуауэ мыбы дерсхэр щат.

Адыгэ жьэгум бгъэдэсу Хъущтымрэ Кьардэнымрэ щапсыгъ шей гуанIуэм ефэрт. Псом хуэмыдэу абыхэм гъэщIэгъэнэ ящыхьуащ Хьэщlэмызхэ я лъэпкъ жыгыр: лъэдий лъэщым кьудамий кьыхокI, абыхэм гъэчхэр я куэдщ...

Адыгэхэм я фэеплъ сыным деж

КАВКАЗ зауэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр ильэс кьэс щекIуэкIыр Кичмай Инырщ. Нэгъабэ и накьыгъэм мыбы кьыщызэIуахащ адэжь Хэкум папщIэ зи псэр зыта адыгэхэм я фэеплъ сыпн. Абдеж дыдэм щытщ фашизмэм пэщIэтурэ хэкIуэдахэм кьагъэуварэ. Асльэнбэч куэдрэ еплъащ кьэзымыгъэзэжахэм я унэщIэхэр зытет пхьэбгъум. Абы Хъущтхэ ящыщу тIощым нэблагъэ итт.

Куэдрэ щытащ хьэщIэхэр адэжьхэм я фэеплъ сыным и деж. Дауи, я кIэу кьыщIэуваш Шахэ псым и Iуфэхэм урысыдзэр кьыщитIысыкIын и пэкIэ адыгэ жылагъуэ блыщым щIигъу абы зэрыщыпсэуэр. Иджы ахэр зэрыхьужьыр 3 кьудейщ... Лъэпкъым игъуэта хэщIыныгъэр кьыпхуэмылъытэнщ.

- Мыпхуэдэ щIыпIэхэм укьыщыхута нэужь, псальэхэр кьомэщIэкI, - жеIэ Асльэнбэч. - Дэ дыззрыгушхуэн тхыдэ диIэщ. Гуапэщ шапсыгъхэм ар зэрахъумэр, нобэрей щIэблэм зэрырагъащIэр.

«Мыр сыкъыщалъхуа къуажэм хуэдэ дыдэщ!»

КИЧМАЙ Ин къуажэкум щызэхуэсат нэхъыжьхэр, щIалэгъуалэр, школкIуэхэр. Абыхэм Хъущт Асльэнбэч ирагъэблагъэрт.

- Мыр сыкъыщалъхуа къуажэм хуэдэ дыдэщ! - жиIэрт Асльэнбэч, и благъэхэм сэлам ярихьурэ.

Щыпсэ еджапIэм и унафэщI Гуашэ Асльэн Хъущтымрэ Кьардэнымрэ школым щIешэ. Мы гъэм зи ныбжьыр ильэс 85-рэ ирикъуну еджапIэм и тепльэмэ Олимп чемпионым и къуажэм дэтыр игу кьеГъэкIыж.

- Мыпхуэдэ дыдэ школ тIорысэ цIыкIуц сэри сыщеджар, - жеIэ Асльэнбэм. - Ди классым еджакIуэу тху дыщIэсауэ араш.

Хьэщlэхэр классхэм ящыщ зым щIашащ. Абы школыр эрыщыту щызэхуэсащ жыпIэнт. Псальэмакъ гуапэхэм, хьэхьэхэм я ужькIэ Джылахьстэнейм кьикIахэм мэзыдэм кьыхэщIыкIа шапсыгъ ныптыгъэ хуащIащ. Дауи, абы еплъыкуКIэ, Кичмай Иным щыщIа махуэр ягу кьагъэкIжынущ.

«Адэжь Хэкум къаруущIэхэр къыпхилъхьэну!»

АПХУЭДИЗ цIыху къуажэ клубым куэд щIауэ щызэхуэсэтэкъым. Олимп чемпионымрэ абы и тренерымрэ Iэгуауэ инкIэ ирагъэблэгъащ. Хьэщlэхэр, дауи, жьантIэмкIэ щагъэтIысащ.

Уэздыгъэр ягъэункIыфIри, экран иным дуней псор зыщыгъуазэ теплъэгъуэхэр кьиуващ. Абы адыгэ щIалэ Хьущт Асльэнбэч и хьэрхуэрэгъу псори олимп алэрыбгъум щыхегъащIэ. Еплъэри, езыхэр бэнэныгъэм хэту фIэкIа умыщIэну, мэгузавэ, хэти кьыщольэт, икIэм-икIэжьым псори зэрогъэкIий. Ар Асльэнбэч финалым щытекIуауэ араш!

- Зызэмысыжьынщи, си пщIыхьэпIи кьыхэхуэнтэжьым апхуэдэ текIуэныгъэщхуэ Асльэнбэч кьихьу, адэжь щынальэм кьыщедгъэблэгъэну, - жиIащ лъэпкъым я нэхъыжь, Кубаным (Псыжьым) щIыхь зиIэ и журналист Хьущт Асльэнбий. - Асльэнбэч дигъэгушхуащ, дыкьызыхэкIа ди лъэпкъым, ди Хэкум нэхъри дрипагэну Iэмал кьыдитащ. ЕхьулIэныгъэ куэд дяпэкIи уиIэну, щынэхьыщIэ! Адэжь Хэкум къаруущIэхэр кьыпхилъхьэну!

- ДыпIейтейуэ Асльэнбэч Пекин дыщыкIэльыплъащ, абы текIуэныгъэ кьихьыну дыщIэхьуэпсырт, - кьыпещэ тенджыз фIыцIэ Iуфэ щыпсэу шапсыгъхэм я Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Чачыхьу Мэзид. - Дуней щыщIэрыIуэ цIыху куэд диIэщ адыгэхэм. Иджы абыхэм ящыщщ ди чемпион щэджащэр!

Апхуэдэ псалъэ хэIэтыкIахэм Асльэнбэч Iэнкун ящIат. АрщхьэкIэ псалъэ кьыщратым жиIащ:

- Тхьэр арэзы кьыфхухьу, апхуэдэу сыеэрывгъэльэпIам папщIэ, - жиIащ абы. - Олимп утыкум сыкьыщихьэн псом япэу сегупсысырт сыкъызыхэкIа лъэпкыр, кьуажэр, республикэр си щыбагъ кьызэрыдэтым, ахэр кьызэрысщыгугъым. Абы кьару кьыхилъхьэрт. Адэжьи абы сытетынущ.

Тенджыз фIыцIэ Iуфэ щыпсэу шапсыгъхэм я деж кьэкIуэну куэд щIауэ я зэрыщIэхьуэпсыр зригъэхьулIауэ, и гукъыдэжыр нэхъ иныжу «Шапсыгъ» лъэпкъ ансамблым кьиIэтауэ зэIущIэ дахэр иухащ. Ар, щэч хэмылъу, гукъинэж нэс ящыхьунущ абы хэта дэтхэнэ зыми.

ИужькIэ Асльэнбэч щхьэхуэу щыхьэщIащ Хъущтхэ я деж. Дауи, кьагъэуват шыгъупIастэ Iэнэ берычэт, щIэтащ абы хьэужьу Iэджэ, куэдым щытепсэльыхьащ.

Кьыщежьэжьым Кьардэн Анзор жиIащ:

- Иджы, Асльэнбэч мыбыкIэ лъагъуэ щыпхишащи, щIэхщIэхьыурэ кьыхэзыфхьыхэнум щэч кьытебмыхьэ.

Аращ дэрэ ди хьэпсапIэр. ДызээкIэлъыкIуэу, дызэрыльагъуу, зым и гуфIэгъуэр адрейм диIэтрэ нэщхьеяГъуэри зэдэдгъуэшу дыпсэунырщ. Лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэр, зыгъэльэщIар араш!

НЫБЭ Анзор.

«Шапсыгъ» лъэпкъ ансамблым и къэфакIуэхэр утыкум кьохьэ.

Фэеплъ сыным и деж.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Іутыж Борис и гъащІэм и тхыгъэхэмэ теухуауэ куэд ятхаш, дяпэкІэ нэхьыбэжи ятхынущ. Ещ жьхуаІэр зымыщІа, и гъащІэм и дэтхэнэ дакьикъэри мыхьэнэ пылъу кьигъэсэбэлыну хущІэкъуа тхакІуэ Іэзэм, драматург гъуэзджэм, лирикт тельыджэм, публицист Іэкіуэльакіуэм, Іьэпкъым эн гур хуитхъэщІыкІа, абы папщІэ псэуху гугъу зезыгъэжа цІыху щыпкъэм ар къыдлжьащ и гъащІэмрэ акъыл жаныкІэ.

БОРИС и Іэдакъэщ!экІхэр и адэжь лъахэмрэ и лъэпкъ тхыдэмрэ къыгуэхыпІэ имыІэу епхащ. Аращ абы и дэтхэнэ лэжьыгъэри адыгэгу зыкІуэцІыпІ, адыгэпсэ зиІэ дэтхэнэ зыми куууэ зыхащІэу щІыщІытыр. Абы къигъэщІ лІыхъужьхэм куэду хэтщ напэр псэм ипэ изыгъэщхэр, пэжым и тельхьэхэр, хьэл-щэн дахэрэ лІыгъэрэ зыхъэпІ, щІэгъэкъуэн нэскІэ уэщыщІ угъ хэун цІыхухэр. ТхакІуэ Іэзэм кІыщыщІи гъалъэр тхыдэжь жьыжьэра щхьэкІэ, абы и тхыгъэхэр нобэрей цІыхухэм я гурыгъуэ гурыщІэхэр кьэзыІуатэ гупсысэкІэ гъэщІащ, аращ ахэр гум щІехуэбыІэр.

Сэ сыхуэит Борис и зэфІэкІ Іэджэм ящыщ зым сыкьыте уэвыІэну. Сэ сщІэу я лъэныкъуэм зыри тепсэлыхьакъым. Зи гугъу сщІыну сызыхуейр Іутіыж Борис кином зэрых ушьытыр, ар кьызэрыгуфыІуэрт, а гъуэзджэ гъэщІэгъэнымк и хабзэхэр зэрызыхищІэ-кьыІэзрыщыхъ урт. Ар удэзыхьхъ Іуэхущ. Зэрыт щІэщи, цІыху Іущ дыдэхэм кинор гъуэзджэу щыІэм ефІэкІыу кьалытэгъ.

Сэ к уэд щІащ абы сызэритхьэкъурэ, лІэщІыгъуэ кІуам и блыщ! гъэхэм сэ стхырт художественнэ, документальнэ, мультипликационнэ фильмхэр зэрытрахьи сценариехэр. А лъэхъэнэм «Союзмультфильм» киностудием «Мывэм и кІуэ» мультфильмыр кьызытращІыкІа си сценарийр естат. А Іуэхущ!апІэм и тхыдэми, ди лъэпкъ щэнхабзэми кьыхэмыхуа лэжьыгъэт ар - дуней псом кьыщащІыху ди адыгэ эпосым кино кьытетщІыкІынут. Арати, сценариер кьабыл ящІу кьызэращт эу, щІэныгъэ чэнджэщэгъу зэрыхуейр кьызжаІащ. ЗэрыгурыІуэгъэщІу, ар фильмым кьызыщІэльэгъуа лъэхъэнэм

● Къуажэхьэр

Дауэ зыпщІми зыкъыппещІыж

●Уэ з нэхьри нэхъ жэрщ, сэ нэхьри нэхъ жэрщ, удэзекІи улъэщІыхьэнукъым.

●Уеплъмэ, уэ пхуэдэщ, дауэ зыпщІми зыкъыппещІыж.

●Унэм нкІ, щым нкІыж.

●Уплъэмэ - плъагъу, укІуэмэ - унэмыс.

●Хьэ хужьитІ зэрошх.

Жэуапхэр:

Жьы. Гъэрэкъ. Іугъуэ. Уэгъ. Дзэ.

● Нэщэнэхэр

Дыгъэр жьыуэ къыщІэжмэ...

❖Дыгъэр жьыуэ къыщІэжмэ, уэлбанэ мэхъу.

❖Джэдум лъакъуэ ижькІэ зитхъэщІмэ, уэфІ мэхъу, лъакъуэ сэмэгукІэ зитхъэщІмэ, уэлбанэ мэхъу.

❖Ерыскъыр къэпым ильми утемытІысхьэ, жаІэрт.

❖Жьыхапхъэр уэмэ, хьэщІэ къэкІуэнущ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

● Гушы!эхэр

Щыуагъэр здэщыІэр

Хьэужэ и Іуэху гуэр хеящІэм эхэнгъэкІыу, ар зэрызэфІэкІам и щыхьэт тхыгъэри кьиритыжьи хуейт. Арщхьэкіэ абы Хьэужэ и Іуэхур мазэ бжьигъэ хьэуауэ ильаухьэрт. Иужьым, Іуупъхьэншэу Іуэхур зэрызэфІэмыкІынур Хьэужэ кьыгурыІуэри. Бззэрыи кьхуэщыпшхуэ кьыщищэхуащ. Абы пшахуэ из щІщ, и щхьэм тхъуцІынэ тІэкІу тритльхьэжри, кхъуэщІыпкъ хеящІэм хиухьащ.

ХеящІэм тхъуцІынэр зэрыІыть кхъуэщІыныр щилъагъэм, и гурыІуэгъэ къэжащ икІи Хьэужэ зыхуэ і тхыгъэмпІэр псынщІэу итхри кьритащ.

Хьэужэ кьежьажа иужь, судыщІэм тхъур кхъуэщІыным кьрихьи мурад ищІащ. Арщхьэкіэ сыт ильаГъур?! КхъуэщІыным и щхьэІуэ тхъуцІынэ тІэкІу щыхуа мыхьумэ, и лъабжьэр псорн пшахъуэт. ХеящІэр къгубжащ, Хьэужэ кьраджэну унафэ ещІ. Ар кьыщІысым, зыхуэгъаззэ:

- Хьэужэ, а уэста тхыгъпмпІэр кьыІэтыжьыт, щыуагъэ гуэр кІуащи, ар гъэзэкІуэжьыт хуейщ.

- Абы щхьэкІэ гугъу зумыгъэхь, хеящІэ! Сэ сеплъащ тхьлъымпІэм итым. Щыуагъэ здэщыІэр араКъым, атІэ кхъуэщынырщ.

ЗызгъэнщІыху сыжеящ

Зэгуэрым Хьэужэ гъунэгъу кІуажэм кІуэну гъуэгу техьащ. Махуэр хуабэ дыдэти, гъуэгуанэр кьыщыгъэтхъэм, и щхьэм гуэрыІуэм и деж зыщигъэпсэхуну кьыщывыщащ. Фіэхьысыр зэфІэкІа иужь, хэгъэрейм Хьэужэ жриІащ:

- Нобэ дунейр есыж кьызыхуаІэм хуэдэщ, уеэзэщан кьыщІэкІынщ. Псы щІыІэ уезгъэфэнщ, ужеину ухуейми, гъэлъэпІпІэ пхуэдгъэпэщынщ.

Хэгъэрейм шхын Іуэху кьызэрыхуэзримыхэнур кьыгурыІуэри, Хьэужэ жиІащ:

- Псы Іуфэм деж сыкъэщІыувыІэри си псыхуэлІэри изгъэкІащ, зызгъэщІыхуи абдеж сыщІыжеящ.

ДЖЭДГЪЭФ Асльэмырзэ.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Джэдыл гъэва, прунж гъэлыгъуа хэлъу

Мыр щапщэфІкІэ нэхъ къащтэр джэдыжьщ. Джэдгъэжьэбгар грамм 30-40 хьу тыкъыр щІыкІуэрэ зэпаупщІ е зэпауд, ятхъэщІ, псы щІыІэм халъхьэри зэ къыгтрагъэжъуалъэ. Тхъурымбэр кьытрах, шыгъу хадзэ, мафІэр щІыкІу ищІ, шыуаныщхьэр трапІэжри, нікьуэвэхьэ тпщІыгъэт.

АдэжІэ прунжыр зэхащІыпыкІ, ильэс, кхъуэнэм иракІуэтри ягъэгъущ, тхъу зыщІыуа тебэм мыІуэ дыдэу иракІуэтэ, чымчыркІэ эІащІуэрэ тхъуэпІъ хьуху ягъэлыгъуэ. Итаиэ ягъэупщІыури щІагъэпщыкъ. Ар джэдыл вэм хакІуэ, эІащІэ, шыуаныщхьэр трапІэжри, мафІэ щІыкІуэм тету хъэныр хьуху ягъэбжкъ.

И кьытехьжьигъуэм деж лэпсри щІэвэщІауэ, прунжри вауэ, эжІэрыщІэщу щытын хуейщ. Хьэщ уэра ерыскъым шыбжий сыр зыхъэ бжьын гъэлыбжьа хадзэри, шыуаныщхьэр тепІауэ дакьикъэ зыщІыпІкІэ пщІхьэжьбуэм трагъэпІ.

Щхьэнигъуэр пщІыпу яшх. Щакъхьуэ дашх хабзэщ.

Щхьэнигъуэр щагъэхьэзырКІэ халъхьэхэр (и щыхущ Іыхьэ): *джэдыл - грамм 600, прунжу - грамм 300, тебэщІыхуэ тхъуэ - грамм 30, псыуэ - грамм 1200, бжьыщІыхьэ - грамм 30, бжьыщІыр зэрагъэлыбжьэн тхъуэ - грамм 60, шыгъу, шыбжийуэ узыхуейм хуэдиз.*

«Адыгэ щхьэнигъуэхэр» тхъытым къытхэтт.

● Псалъэжьхэр

Жэм лъакъуэ шкІэ иукІрэ?

●Анэ бгъафэрэ хъурыфэ джэлыгуэр.

●Благъэ жьыжь нэхьрэ гъунэгъуфІ.

●Жэм лъакъуэ шкІэ иукІрэ?

●Зи Іуэху зыфІэмыбзэр зи бын зыфІэмыдахэрэ щыІэкъым.

●Къуэшышэ щІэупщІакІуэнышэщ.

●Насыпыр щхьэгъусэм кьыдокІуэ.

●Ныбжьэгъур щагъэунэхур махуэйщ.



Урысей Фе дерацэм и цІыхубэ сурэтыщІ Пащты Герман Красноярск дзэт Художественнэ Академием и профессорщ, ЩІДАА-м и академикщ.

● Адыгэ цІэрыІуэхэр

● Хъуэжъу

Тэрч районым хыхьэ Инарыкъуей къуажэм щыпсэу ДыщэкІ Светланэ Балилэ и пхъум къыщалъхуа махуэмкІэ дохъуэхъу

Дунейм дахагъэу тетыр кьызыдэуш гъэтхэнэм халъхуа ди анэ шыпхъу гумащІэ, уи узышнагъэмрэ гукъыдэжымрэ хэзыгъэхъуэн фІыгъуэрэ хъеррэ уи бынэм, щыгъэрылъху-пхъурылъхухэм ядэплъагъуу куэдрэ Тхъэм уигъэпсэу.

Уи шыпхъухэмрэ абыхэм я бынхэмрэ.

● Цыкі!ураш

Тутей

Дэтщ ди пщІантІэм зы тутей

Сэр нэхьрэ нэхьащІэу,
Уи фІэщ хъунукъым а Іейр
Хо хьуэ зыуи псынщІэу.

ФІэфІщ езым зигъэпІиин,
Зы бэлыхь и гугъэщ.
Куэду фІыщ - иренэхь ин,
Сэ сынэхь губзыгъэщ.

ЩІыІэмэ - абы зетІэщІ,
Хуабэмэ - зехуапэр.
Бжьыхьэм щихащ щІакІуэ пфІэщІ

Джанэ Іув и тхьэмпэр.

ПцІанэу хэтщ иджы мо сытхъу

И щІыІэгъуэ дыдэм,
Ар а!экъым армыхьу,
Сэ Іуэхуг кьемышхыдэм!

ХЬЭХ Сэфарбий.

● Гупсысэр - псалъэкІэ

Быным къуаншагъэ ищІамэ, уи щхьэм фІымых

♦Акъыл жан зиІэр набгъэмк, жьыкъ мэплъэф.

♦«Акъыщэм лъэмыкІ щыІэжъыкъым», - жаІэми, гъащІэмрэ нэмысымрэ кьрипхуэщІэхуркъым.

♦БампІэр дзэзых псэтъэгъуэ ар зыгъэбатэ уэрщэрэгъуэн щыІэщ.

♦Бэлэрыгъ зимыхабзэрэ зэ щоуэ, щымыуауэ убжьынур зи щыуагъэм акъыл кьыхэзэныхырщ.

♦Быным къуаншагъэ ищІамэ, уи щхьэм фІымых - ар зыгъэсагъ уэращ.

♦Губгъуэм вакІуэ унхьэн и пэ жылапхъэ зэгъэпэщ, упсэлъэн и пэ гупсысэр гъэтэмэм.

♦Гумызагъэм сэбэныншэу Іэщ!экІа мазхуэр гъащІэм хибжяркъым.

♦Гъащ!э щыІэщ, махуэ имыуасэу, махуэ щыІэщ, гъащ!э псо и уасэу.

НЭХУЩ Хьэжпагъэ.
Къулъкъуэжьи Ищэ къуажэ.

Псалъэзэблэдз

Екіуэкіыу: **1.** Щхьэл мывэхэр зэкІэрэхъуэкІ. **6.** Хьущт Асльэнбэй Олимп Джэгуэм я чемпион щыхъуа къэрад. **8.** Нап!эзыпІэ. **11.** Мэш хьэуаэз. **13.** «... жэщр» - Молэ Владимирэ Джэдгъэф Борисрэ яуса уэрэд цІэрыІуэ. **14.** Зы унэцІэ зезыхьэхэр. **15.** Кьэхъуа Іуэху гуэрым фІыуэ щыгъуаэз, ар зи изгу щІэкІа. **18.** ХьэпІэкъхъуэкІ щынагъуэ. **20.** Сеныч ... **21.** Адыгэ хьэбаджэхэм я къыхэщыж цІыхубз пелуан е Акъсырэ Залымхъан и пьесэ. **22.** Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъ. **24.** Данэ щэкІ лъэпкъ. **28.** « ... уэ фІыкІэ уигу сыкъэкІым, си гъэзгу кІыхь хьуну кьызэхуэхъу» - КІыщокъуэ Алим и уасэм щыщІ. **29.** Дзэлыкъуэ щІыналъэм щыщ къуажэ. **33.** Уэсрэ макъамэрэ зэщІэлъу. **37.** Муслымэн диным зэрыжиІэмкІэ, гуэныхь зытемыльу дунейм къыхэкІыжьыр и увыІэпІэ. **38.** « ..., нартхэр фІыкъызэхуэсІ». **39.** Щхьэусыгъуэ гуэркІэ къуажэр кьэзыбгиаугъ мэзхэм, губгъуэхэм зыщыщІагъэщІкІуэ щытам зэреджэ. **40.** Ухуэныгъэ щрагъэкІуэкІкІэ ар кьагъэсэбэп. **41.** Щоджэнщ!ыкІум и цІэр зезыхьэ адыгэ драмтеатрым и джэгуакІуэ гъэзэджэщ щІыхь зиІэ и артисткъ. **42.** ЗыгъэкІ унагъуэхэм нэхьадэпэм зи быныр зрагъэпІу щытам зэреджэ. **45.** Зи щхьэр зэв кумбыгъэм адыгэ дамтеатрым и псалъэ-пьесэ. **49.** Сагъэ зыдэбжьэ. **51.** Мы и макъ щхьэщІыкІ. **52.** ХуабапІэ щІыпІэхэм щыІэ псэущхьэ пІащэ.

Къехьу: **1.** Тонни 100 хуэдэ зи хьэпІагъэ псэущхьэ. **2.** Щыуанышхуэ. **3.** Ахьшэ жьгъей. **4.** АдыгэуэрэджьІакІуэ, Къэбэрдей-Балькъэрым щІыхь зиІэ и артисткъ Хьэрэдуэ ... **5.** Адыгэ композитор цІэрыІуэ. **7.**«... цІыкІу бжьакъуэшхуэ». **9.** Унагъуэ къэхІэ хьэпшып, Іэмэпсымэ. **10.** ... вакъэ. **12.** Удз дэжей лъэпкъыгъуэ. **15.** Іэпхъуамбищ зэбгъурылъым я бгъуагъым хуэдиз. **16.** Іушьхьэмахуэ щыгър яп» дыдэу къэзыгъэІурыщІа, адыгэпІ. **17.** Іэщ. **19.** ЗэщыхьантІым я зым мыпхуэдэу щыжиІэ щыІэщ: «Уи ... кьысщыхуэ». **20.** Вакъэдыжьм и Іэмэщымэ. **23.** Уэрэдым и Іыхъэ. **25.** Дж!эдхъэ. **26.** ЩхьэуантІагъэм, удэхъум ерыскъы Іэфі кьыпызых. **27.** Къуацэчыщ. **30.** ... зэрымыт Іэтэ ирегъэувэ. **31.** Къуэшырыба, къэпщІа. **32.** Дэрбзэр хьэпшып. **34.** Апхуэдэ псалъэ ... уи жьэ кьыжьэдэкІыну си гугъакъым. **35.** «МафІэ уиІэ?» - жиІэу гъуэгу теувэн и пэ Сосрыкъуэ япэу зэупщІа нарт. **36.** Къэбэрдей-Балькъэрым щыІэ кьалэ. **37.** Уэсым ещхьу щІылъэм кьытохэ. **43.** Улажьэмэ, лыжь пшхынщ, умылажьэмэ, ... бгъуэтынщ. **44.** Нартыкъу, гуэдз, хьэжьигъэ хуэдэхэр зраКІутэ. **45.** ... фермэ. **46.** Тхылъым и «джанэ». **48.** Жыгхэр зи псэупІэ псэущхьэ кІэ баринэ щІыкІу. **50.** Сирием адыгэхэр зэрэдэжу щыта. **51.** Гъэсыныпхъэ.

Зыхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Гъатхэпэм и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **1.** Диаграммэ. **7.** Нэгуэмэ. **8.** Щэбэт. **10.** Ужьокъуэ. **12.** Іуэ. **13** Джэщ. **14** Бдзы. **15** Гуп. **17** Іъэ. **18** КІэдыгу. **20.** Нэ. **21** Ерэн. **23.** Санэ. **25.** Хьуахуэ. **27** Адыхь. **29.** Чэ. **30** Бабыщ. **33.** Шэмэдж. **35.** Хьун. **36.** Напэлэ. **37** Шынагъуэ. **38** Кіуэ. **39.** Фа. **42.** Егъэщ. **43** Лэгъуп. **45** Бзииху. **47.** Дэ. **48.** Уа. **49.** Сабэ. **53.** Жьізум. **55.** Гущэпс. **56.** Хьэ. **57.** ИкъраР. **60** Ыхь. **66.** Арщыдан. **68.** Ущ. **70.** Уэрэд. **72.** Іьуам. **74.** ХьуманІэ. **76** Улахуэ. **79.** Джэду. **81.** Ре. **82.** Вы. **83** Лэпс. **85.** Абгъуэ. **86** Гырэ. **87.** Тхъуэ. **89.** Бэ. **90.** Дамэду. **92** Адыгэщ. **94.** Мы. **95** АнэщІэ. **97** УиэІут. **99.** Къущ. **100.** ЩІалэ. **102.** Бгъэгу. **104** Щэпхъ. **106.** Лагъэ. **108.** Кхъуэ. **109.** Іьабжьэ. **111.** Ар. **112** Чы. **114.** Дэп. **115.** Хъар. **116.** Куу. **117.** ПщІыпхъу. **119.** Къакъыш. **120.** Румын. **111** Джэгуэзхэщэ.

Къехьу: **2.** Ашэхъу. **3.** Рекорд. **4.** Машэ. **5.** Щхьэдэж. **6.** Уэщынэ. **9.** Зэ. **11.** Хугу. **12.** Іунэ. **16.** Ныл. **18.** КІэ. **19.** Гухъу. **21.** Ерчэн. **22** Наблэзэтеху. **24.** Абы. **26** Хущэ. **27.** Арджэныпс. **28.** Хьэнцэ. **31.** Блэ. **33** Щыгъэ. **33.** Шарф. **34.** Мэш. **38.** Кьундзу. **40.** Алашэ. **41** Іуб. **44.** Хуэ. **46.** ИбэІ. **50** Адэ. **51.** Ажэ. **52.** Псы. **54** Ми. **55** Гур. **56.** Хьэмэу. **58.** Кьанжэ. **59.** Абаэ. **61** Хьэрэм. **62** Пщы. **63.** Гъуэдз. **64.** Ерэ. **65** Аму. **69.** ЩхьэІуэ. **70.** Уэ. **71.** Дуэ. **72** Кьуэрэ. **73.** Уэд. **75** Ахъурт. **77.** Адыгэ. **78.** Бгъэ. **79.** Джэ. **80.** Уанэкъуапэ. **83.** Іэныстэ. **84.** Сэ. **88** Хьубжэ. **89** Бищу. **91.** Усэ. **92** Ашэ. **93.** Шащхъэ. **96.** ЩІагъ. **98.** Ныл. **101.** Лэч. **102.** Бэдракъ. **103.** Гуль. **104.** Шэ. **105.** Хьарбыз. **107.** Ару. **110.** Бгъщхъэ. **113.** Іыш. **116.** Куэ. **117.** Пшэгу. **118.** Хьурмэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкІмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Жылаеэ Маритэ, Льостэн Муэз, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик.**



ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, еБгъуанэ - ешІапІэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхуці!апІэхэм ядэлажьэныжьмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущі!апІэм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтеуэ зэныту щытекъым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щиныжькІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъаэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ягъуэщ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхь и полиграфомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэжІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ГъущІо Зариф, корректорхэзу Щоджэн Инэ** *(1,3-нэ пан.),* **Табыш Динар** *(2,4-нэ пан.),* **корректорэзу я дэлэныкъуэзу Иуан Заирэ.** ***КомпьютерКІэ газетым и теплъэр ящІащ:*** **Ныр Саидэ, ЩакІуэ Мадинэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** ***суэттыщІ*** **Бицу Жаннэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 21.30-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №853